

# Preparasyon pou Ka Ijan Kòmanse Lakay

Fè planifikasyon byen avan pou yon ka ijan ap ba w lapè despri e ka kenke fanmi ak zanmi w an sekirite. Ofisyèl nan vil Cambridge ap prepare pou yon seri de ka ijan ki ka rive tankou siklòn ak tanpèt nèj jiska yon epidemi vye grip ki bay kò kraze (flu) ak aksyon teroris. Ou ka ede tou. Men kèk etap ou ka pran pou prepare w.

## ✓ Plan pou Kominike Avèk Fanmi an

Se pou konnen kòman fanmi an ap kenbe kontak antre yo e ki kote nap rankontre.

## ✓ Manje ak Dlo

Se pou gen ase manje ak dlo pou 3 jou pou chak moun nan kay la. Se pou sonje bezwen moun ki nan rejim espesyal e se pou planifye pou bèt ou genyen.

### Boutèy Dlo

- Yon gallon pa jou pou chak moun
- Kenbe Manje ki nan Bwat nan yon kote ki fre epi ki sèch

### Manje Sèch ak Manje nan Mamit

- Fwi, legim ak vyann ki nan bwat
- Aparèy pou ouvè mamit/bwat a lamèn
- Ji nan bwat, lèt nan mamit
- Fwi sèch, pistach, bonbon sèl, sereyal an baton
- Manje ak fòmila pou tibebe
- Manje pou bèt

## ✓ Premye Swen ak Zouti

Se pou gen yon bwat aparèy pou premye swen ki gen pwodwi sante ak medikaman doktè prespri w.

### Premye Swen

- Bwat Bagay pou Premye Swen
- Pansman, twal gaz, alkòl
- Gan ak tep medikal, sizo
- Medikaman pou doulè
- Medikaman yo preskri w
- Pwodwi pou Sante
- Savon, papyè twalèt, pat

### Zouti ak Bgay Espesyal

- Sonje bagay enpòtan sa yo:
- Flach, radyo ki sèvi avèk batri
- Ekstra batri
- Dokiman enpòtan tankou batistè ak nimewo kanè bank

## ✓ Bagay pou evakye

Se pou gen bagay prè nan machin ou oubyen nan yon valiz anka ke ou oblije kite lakay ou. Fè valiz ou epi mete bagay senp ki pa lou ladan l wap bezwen pou 24 a 48 èdtan.

- Yon ekstra rad
- Boutèy dlo ak sereyal an baton
- Bagay pou premye swen
- Medikaman yo preskri w

## ✓ Revize

Revize plan w nan ak ekipman yo avèk chak moun nan kay la chak 6 mwa. Ranplase manje, dlo ak medikaman ki ekspire. Revize plan kominikasyon w nan.